

Kontni

Yon Rezimesou Urban Advantage(UA)	02
Kisa Urban Advantageye?	
8 Enstitisyon UA	
Kisamwen ka fè nan chak enstitisyon?	
Ale vizite enstitisyon Urban Advantageyo	03
Kòman pou vizite gratis?	
Aktivite espesyal pou fanmi	
Entèraksyon fanmi nan ekspozisyon	04
Konsèy jeneral pou fanmi	
Egzanp aktivite	
Kesyon pou mande enfòmasyon	05
Kesyon pou mande enfòmasyon nan eksplorasyon ekspozisyon	
Kòman mwen ka sipòte edikasyon syans pitit mwen an?	06
Lakay ak nan lekòl	



GID POU FANMI

Yon bon opòtinite pou fè eksplorasyon syans avèk pitit ou a nan zoo, mize, jaden botanik ak akwaryòm Vil Nouyòk gratis.

Ale vizite enstitisyon UA yo

2

Kisa Urban Advantage ye?

Urban Advantage se yon pwogram ki nan tout Vil la pou sipòte edikasyon syans. Urban Advantage konekte lekòl, pwofesè, elèv ak fanmi avèk kontantman pou dekouvri fè syantifik ak aprantisaj ki fèt nan uit enstitisyon kiltirèl byen renome ki rich nan syans nan Vil Nouyòk.

Anplis, elèv ak fanmi yo ap antre gratis. Urban Advantage prepare pwofesè syans pou yo itilize resous mize, jaden zowolojik, jaden botanik ak akwaryòm nan Vil Nouyòk pou anrichi ansèyman ak aprantisaj li bay lekòl k ap patisipe yo ekipman ak materyèl pou ede pwosesis aprantisaj la nan salklas ak lakay.

8 enstitisyon patnè Urban Advantage yo

Kisa mwen ka fè nan chak enstitisyon UA?

Enstitisyon kiltirèl ki gen renome mondyal Nouyòk yo se bon kote pou vizite, amize w ak fè aktivite syans. Enstitisyon patnè UA yo nan chak borough!



Kòman pou vizite gratis?

- Elèv ki gen pwofesè syans ki fè pati Urban Advantage ap resevwa yon kupon pou elèv avèk 3 moun anplis, swa dijital oswa enprime. Kupon sa a ki ka itilize ankò ap pèmèt elèv la ak jiska twa envite antre. Youn nan envite yo dwe se yon adilt.
 - Ale sou sitwèb UA a: www.urbanadvantagenyc.org epi klike sou elèv ak fanmi. Ale nan seksyon “Visit Institution” an epi gade eksplikasyon yo sou kòman pou w itilize kupon ou a nan chak enstitisyon.
- Lekòl Urban Advantage yo ka òganize yon pwomnad pou fanmi lè yo itilize **kupon pou pwomnad lekòl kominote** nan nenpòt enstitisyon patnè yo pandan yon wikenn oswa jou ki pa gen lekòl. Sa yo se pwomnad gratis ki ankouraje fanmi patisipe epi se kowòdonatè paran an ki òganize yo. Kontakte yo pou plis enfòmasyon.
- Afich pou jounen syans ak ekspozisyon pou fanmi an ap pèmèt elèv UA ak fanmi yo antre gratis nan aktivite pou fanmi sa yo.

Aktivite espesyal Urban Advantage pou fanmi



Jounen Syans Fanmi se jou espesyal kote enstitisyon patnè nou yo ouvri pòt yo pou akeyi fanmi Urban Advantage pou yo eksplore ekspozisyon ak aktivite syans pratik yo. Jounen syans pou fanmi yo ap fèt pandan tout ane lekòl la. Ou bezwen yon afich espesyal pou antre gratis. Kontakte kowòdonatè paran ou a oswa pwofesè syans UA a pou plis enfòmasyon.



Urban Advantage Science Expo prezante epi selebre enterè ak efò elèv yo nan syans ak jeni. Elèv lekòl primè ak lekòl presegondè vin jwenn nou pou prezante travay yo fè nan lekòl atravè vil la. Nou akeyi fanmi, estaf lekòl, elèv, ak òganizasyon kominote nan aktivite sa a.

Konsèy jeneral pou Fanmi

- Pa fè twòp bagay! Pa gen pwoblèm pou poze kèk kesyon ak/oswa pataje kèk bagay nan yon ekspozisyon
 - Eksplike sa w wè.
 - Pataje kesyon ak obsèvasyon w yo avèk pitit ou yo youn apre lòt pandan y ap pataje pa yo.
- Kite tan pou timoun yo eksplore ekspozisyon an trankilman. Ou pa oblije toujou ap ba yo enfòmasyon oswa poze yo kesyon.
- Si ou gen plis pase yon timoun, reflechi sou bezwen espesifik chak timoun ak kòman yo ka aprann pi byen.
- Lè w ap eksplore yon enstitisyon, konsantre sèlman sou kèk ekspozisyon. Pase plis tan nan kèk ekspozisyon abouti nan pi bon entèraksyon ak aprantisaj.



Ki aktivite mwen ka fè?

- **Chasotrezò (Scavenger Hunt)** Fè timoun yo chèche imaj, objè oswa enfòmasyon nan yon ekspozisyon. Li ka pi konplike pou jwenn yon adaptasyon sou yon plant oswa yon bèt olye ou jwenn yon koulè oswa yon fòm!
- **Jounal**- Kite timoun yo ekri oswa desine kesyon ak/oswa obsèvasyon yo nan yon jounal. Tanpri bay tout detay ou kapab.
- **Fè pwojè kreyatif** - Itilize yon ekspozisyon pou enspire w fè desen, ekri yon powèm oswa kèk lòt travay atistik.
- **Kilti Pop (Pop Culture)** Asosye ekspozisyon an avèk chante, liv, mizik oswa fim pitit ou yo pi renmen.
- **Pataje Istwa!**- Pale avèk pitit ou yo sou kòman ou menm ak fanmi ou konekte avèk ekspozisyon an!
 - Èske w te wè plant/bèt/objè sa yo pandan w t ap grandi?
 - Èske w te wè plant/bèt/objè enteresan lakay ou?
 - Ki nouvo bagay ou aprann chak jou?

Eksplorasyon

Sijesyonsa yofèt pou edefanmi angajeyo pi plis narekspozisyonstitisyon an. Kesyonki bazesou ankèt ankourajetimoun akadilt pou yobyen obsève fè koneksyonpèsonèl epi panseyon fason kreyatif. Lèfanmi eksploreekspozisyon yo atravè konvèsasyonki mande poukesyon bay reponski detaye, saranfòsekiryozite, pansekritik, ak aprannyoun ak lòt—pandany ap pran plezi ansanm

Obsèvasyon ak Dekouvèt

- Ki premye bagayou remake?
- Ki kèk obsèvasyonou kafè?
- Ki kesyon ou swa panseki vin nantèt ou?

Tablikoneksyon

- Èske safè w sonjeyon bagaynan lavi w?
- Ki eksperyans bagayki te pasesafè w sonje?
- Kòmanou panse sa gen rapò avèk mond lan jodi a?

Eksplore pèspektiv

- Si objè/bèt vivansa a te ka palekisali t ap di?
- Kisasa tap sanbleoswasanti si yo tefè l jodi a olye yo te fè li nan tanlontan?
- Kòmanw t ap eksplikeekspozisyon sa a bayon zanmiki pa kawè l?

Reziliyasyon pwoblèm ak Imajinasyon

- Kòmanou panse yo tefè sa oswadekouvri sa a?
- Si ou te kareamenajeli, kisaou t ap chanje?
- Ki karakteristik oswa adaptasyonou ta chanjenan èt vivansa a?

Angajman emosyonèl

- Kòmansafè w santi w?
- Si objè/èt vivansa a te gen imè, kisali t ap ye?
- Èske objè/èt vivansa afè w kirye, fè w vin gen konfizyon, oswa enspirew?

Dyalòg avèk fanmi

- Èske nou tout wè menm bagayla la a, oswayon bagaydiferan?
- Si w te kapozekonsèvatèa, mounk ap travay nan zoo apswamoun ki plante/fè rechèchakjere plant yo (horticulturist) yon kesyon kisali t ap ye?

Kòmanmwenn ka sipòte edikasyon syans pitit mwenn an?

Lakay	Nan lekòl
<ul style="list-style-type: none"> • Ankouraje pitit ou a pou obsève, poze kesyon ak fè plis eksperyans sou sa li konprann nan syans. • Bay opòtinite pi souvan pou aprantisaj syans lakay ou ak nan kominote a atravè jwèt deyò epi ale vizite sit ki gen anpil aktivite syans nan kominote w la, tankou pak lokal ak enstitisyon kiltirèl yo. • Mennen pitit ou a nan bibliyotèk pou l li ak pou l fè rechèch sou syans. • Itilize kupon pou elèv ou a ak 3 lòt moun pou planifye vizit nan enstitisyon UAYo dapre sa ki entèrese pitit ou a. 	<ul style="list-style-type: none"> • Kominike avèk pitit ou ak pwofesè li regilyèman. • Patisipe nan aktivite lekòl pou fanmi tankou sware syans pou fanmi. Ou ka menm wè yon patnè UA k ap fè yon aktivite pratik amizan! • Tcheke avèk pwofesè syans ak kowòdonatè paran pitit ou a konsènan opòtinite pou pwochen pwomnad nan nenpòt enstitisyon patnè nou yo ap fè. • Ankouraje pitit ou a pou l travay sou yon pwojè syans epi prezante l nan Urban Advantage Expo! anyèl nou an!



Pou jwenn enfòmasyon espesifik sou enstitisyon an sou kòman pou itilize yon kupon pou elèv avèk 3 moun anplis:
www.urbanadvantagenyc.org/students-institutions/

American Museum
of Natural History



The Council of the
City of New York

Pwogram Urban Advantage la jwenn sipò piblik nan men Speaker and Council of the City of New York ak Lekòl Leta Vil Nouyòk (New York Public Schools, NYPS).